

Piwulang Becik Ngangsuh Kaweruh Sajrone Kitab *Alala* Gubahan *Ta'lim Muta'allim*
(Tintingan Sosiologi Sastra)

Syihabul Khoir

Fakultas Bahasa dan Seni, Universitas Negeri Surabaya

e-mail: syihabul.2018@mhs.unesa.ac.id

Drs. Bambang Purnomo, MS

e-mail: bambangpurnomo@unesa.ac.id

ABSTRAK

Kitab *Alala* minangka asil gubahan saka kitab *Ta'lim Muta'allim* kang karipta dening santri PP. Lirboyo Kediri. Kitab *Alala* diwulangake minangka piwulang wiwitan sajrone pasinaon ateges duweni tingkatan paling dasar. Kitab *Alala* kalebu ana ing salah sijining jinis kasusastran Jawa mligine ana ing sastra Jawa Pertengahan sing duweni metrum Arab. Asil saka gubahan kasebut duweni wujud singir kang arupa bet-bet kang karipta gawe aksara pegon, sing asale saka wujud aksara hijaiyah. Kitab kasebut duweni isi piwulang becik kayata metode pasinaon, ancas pasinaon, prinsip pasinaon, strategi pasinaon lan sapiturute kang duweni sesambungan ana ing nilai moral religius supaya dadikeke manungsa duweni karakter sing apik lan dadekake ilmu kang manfa'at. Gubahan duweni ancas kanggo gampangake mahami isi, gampang ngapalake, uga duweni unsur kaendahan amarga arupa bet, utawa singir. Panliten iki duweni ancas 1)mangerteni isi kitab *Alala* 2)mangerteni konsep gubahan sajrone kitab *Alala*, 3) supaya bisa dicakake pangangsu kaweruh.

Kata kunci: Piwulang, kitab *Alala*, ngangsu kaweruh

Kitab *Alala* merupakan hasil gubahan dari kitab *Ta'lim Muta'allim* karya santri PP. Lirboyo Kediri. Kitab *Alala* diajarkan sebagai pelajaran pendahuluan selama pengajaran yang berarti memiliki tingkat yang paling dasar. Kitab *Alala* termasuk dalam salah satu jenis sastra Jawa, khususnya sastra Jawa pertengahan yang memiliki nuansa Arab. Hasil komposisi tersebut berbentuk singir yaitu bait-bait yang ditulis dengan huruf pegon, gubahan dari bentuk huruf hijaiyah. Kitab tersebut berisi ajaran-ajaran yang baik seperti metode belajar, tujuan belajar, prinsip-prinsip belajar, strategi belajar dan sebagainya yang berkaitan dengan nilai-nilai moral agama agar manusia memiliki karakter yang baik dan menjadikan ilmu bermanfaat. Komposisi tersebut bertujuan agar isi lebih mudah dipahami, mudah dihafal, dan juga memiliki unsur keindahan karena termasuk salah satu karya sastra. Penelitian ini bertujuan untuk 1) memahami isi dari kitab *Alala* 2)memahami kosep gubahan dan 3)supaya bisa dilaksanakan oleh pencari ilmu

Kata kunci: Pelajaaran, kitab *Alala*, menuntut ilmu

PURWAKA

Piwulang miturut Dewey sajrone Repati (2015), yaiku minangka babagan penting kanggo nggayuh tujuwan. Piwulang uga duweni teges kaweruh, katrampilan, lan pakulinane sawijining kelompok kang duweni sipat turunan saka generasi siji menyang generasi sabanjure kang awujud pengajaran, pelatiyan, utawa panaliten. Tembung piwulang kasusun saka basa latin *ducere* sing duweni teges nuntun, ngarahake, utawa mimpin, lan duweni wiwitan *e* kang duweni teges metu. Bisa didudut, piwulang yaiku saben kagiyatan kang nungtun metu nyinaoni pengalaman sing duweni efek *formaatif* ing cara mikir, ngrasa, utawa tindakan. Saliyane ngelatih pikiran, piwulang uga duweni ancas supaya nglatih solah bawa kang ngandut nilai moral. Miturut Salam sajrone Respati (2015) tembung moral asale saka basa latin, yaiku tembung *Mores* kang duweni teges kasusilan, tabiat, utawa kelakuan. Moral kaya mangkono tegese piwulang kasusilan. Moral yaiku upaya nata prilaku utawa solah bawane manungsa, mula tembung moral ora uwat saka apik lan ala. Panliten iki gunakake bahan kitab *Alala* gubahan saka kitab *Ta'lim Muta'allim*, kitab *Alala* kalebu wujud sastra jawa, amaarga digubah marang pujangga Jawa sing asale saka kasusastran Manca (Arab) digubah ing kasusastran Jawa ana ing periodesasi sastra Jawa pertengahan. Kiatab *Ta'lim Muta'allim* karipta dening Syekh Burhanuddin Ibrahim Az-Zarnuji sing biasa dikenal Syekh Az Zarnuji. Asma Zarnuji dijupuk saka salah sijine kutha sing cedhak kali Oxus ana ing negari Turqi. Saben dina Kitab *Ta'lim Muta'allim* dikaji deneng santri PP. Lirboyo, supaya santri-santri bisa mangerten iki kitab lan mraktekake ing sabendinane amarga kitab Ta'lim iki kalebu kitab kang ngemu bab tata krama. Gubahan kitab kasebut nglahirake bet-bet sing cara macane dilagukake kanthi ancas gampangake santri anggene ngapalakake lan mahami isi kitab.

Kitab kasebut minangka salah sijining metode pangrembakan syi'ar agama Islam ana ing tlatah Jawa amarga nerangake metode pasinaon, ancas pasinaon, prinsip pasinaon, strategi pasinaon lan sapiturute kang duweni sesambungan ana ing nilai moral religius supaya dadekake manungsa duweni karakter sing apik. Miturut analisis saka Kamal (2016), sadurung islam ngembaka ing tlatah Jawa kang kasusun saka pirang-pirang suku Jawa uga wis duweni piwulang-piwulang sosial lan norma-norma tertamtu. Norma yaiku pambiji tumrap pik lan alane sipate manungsa ing panguripan kang nyataa, norma uga tuwuhan saka pikiran, ati nurani lan budi pakerti, Firdaus, M. Z. (2015: 1). Anata sadurune piwulang agama islam diajarake ing tlatah Jawa, masyarakat Jawa wis duweni norma sosial kayata hukum adat kang katarangake kaya ing kitab *Alala* minangka gubahan *Ta'lim Muta'allim* minangka salah sijine wujud karya sastra jawa pertengahan.

Kasusastran Jawa ora bisa uwal saka masyarakat lan panguripane, amarga karya sastra iku minangka wujud gambaran sabendinane. Laras karo apa kang diandharake (P. Jayanti Adji Utami, 2021) kasusastra minangka pangilon saka kedadeyan-kedadeyan nyata sajrone uripe manungsa. Mula saka kuwi bab kang wigati sajrone karya sastra yaiku kiwa tengene pangripta. Miturut Purnomo (sajrone Utami, 2013) periodisasi sastra Jawa kaperang dadi papat ing antarane yaiku sastra Jawa Kuna, sastra Jawa Pertengahan, sastra Jawa Anyar, lan sastra Jawa Mutakhir. Saka papat periodesasi kasebut duweni titikan rupa karya sastra dhewe-dhewe kayata kakawin, sastra jawa pertengahan duweni kidung lan singir, sastra jawa anyar awujud tembang macapat, lan modern awujud geguritan utawa prosa. Ana ing periodesasi sastra Jawa pertengahan ana kang diarani sastra Jawa pesisiran miturut panggenane lan ngasilake wujud karya sastra arupa singir sing duweni metrum saka bangsa Arab gandheng pangrembakane agama islam melbu ing tanah Jawa.

Ana ing periodesasi sastra jawa pertengahan duweni wujud singir minangka sumber lan media dakwah ing masyarakat Jawa awam mligine kaum santri. Sabab pangrembakane singir ing masyarakat saka tradhisi lisan. Singir dirembakakake kanthi cara nyanyian lan irama tertamtu, kamangaka ana ing salah sijine singir kadang-kadang ana sing gunakake instrument musik. Ana ing kalangangn santri singir biasane dilagokake kanthi cara dinyanyekake lan iiringi nganggo instrument sing jenenge terbang. Iringan kaya mengkunu mujudake singir bisa katon endah amarga kalebu salah sisjine unsur karya sastra lan nuuhake rasa bungah ana ing ati.

Saliyane awujud singir lan duweni metrum Arab amarga pangrembakane, sasta Jawa pertengahan uga duweni pamawas kang liya. Miturut Dwi P. sajrone Pigeud (1967) sastra Jawa pertengahan minangka *historis* antarane sastra Jawa kuna lan sastra Jawa modern amarga ngemu bab historis runtuhe kerajaan Majapahit, sastra Jawa pertengahan uga duweni aran sastra jawa Bali amarga ngrembakake kasusastran Jawa sing duweni metrum arab sahingga ngakibatake gesere piwulang-piwulang kang wujud sastra ing Bali. Anane aran sastra Jawa pertengahan gambarake periodesasi kasusastran Jawa titikan wujud kang beda antarane basa Jawa kuna lan Moderen kang nglahirake wujud sastra. Serat-serat kang dianggep dadi sesulih sastra Jawa pertengahan ana akeh, ngrembaka ing saben wilayah lan tradhsyi uga duwe wektu kang dawa, yaiku ana inga abad 14-17 M.

Mula saka iku artikel iki bakal ngrembuk ngenani piwulang kang ana sajrone kitab *Alala* gubahan *Ta'lim Muta'allim*, kang dadi salah sijine wujud karya sastra jawa pertengahan antarane yaiku (1) Kepriye wujud lan Isi kitab *Alala* gubahan *Ta'lim Muta'allim* (2) kepriye sarat sarengat ngangsuuh kaweruh sajrone kitab *Alala* gubahan *Ta'lim Muta'allim*.

METODE

Panliten ngenani piwulang becik ngangsu kaweruh ana ing kitab *Alala* gubahan *Ta'lim Muta'allim* dening *santri* PP. Lirboyo minangka panliten kang gunakake metode kualitatif deskriptif. Sajrone panliten iki gunakake metode panliten *dheskriptif kualiatif* kanggo nggamarake kahanan kang luwih princi lan objektif. Metodhe panliten *dheskriptif kualitatif* miturut Mukhtar (2013:10) yaiku samubarang metodhe sing digunakake panliti kanggo nemokake tintingan utawa teori tumrap panliti ing wektu tartamtu. Tujuwan saka panliten dheskratif kualitatif yaiku kanggo njlentrehake, nggamarake alesan kang runtut, sistematis lan bisa dibuktekake ing kasunyatan ngenani bab kabudayan, sipat-sipat, prosedhur lan kahanan, Koentjaraningrat (1985: 125).

Ing panliten iki panliti bakal nliti sakabehe subjek lan objek panliten piwulang becik sajrone ngangsu kaweruh sajrone kitab *Alala* gubahan *Ta'lim muta'allim* nganti antuk dhata kaya sing dikarepake dening panliti. Dhata sing wis *valid* kanthi nggunakake metode panliten *deskriptif kualitatif* banjur ngasilake dudutan dhata kaya dikarepake. Metode iki bakal ditindakake kanthi cara sing wis disusun kanthi sistematis, rinci lan cermat. Metode iki uga digunakake kanggo gambarake dhata panliten kanthi cara sistematis, dhata-dhata faktual lan akurat ngenani fakta-fakta sing ana gayutane antarane fenomena sing ana sajrone objek panliten. Miturut Fairdaus sarone (Ratna, 2013: 46) metode kualitatif gunakake cara tapsir kang disuguhake kanthi wujud deskriptif utawa nyitakake. Panliten kuantitatif deskriptip duweni titikan ora gunakake wilangan lan dijelasake kanthi cara deskriptip utawa crita. Metode deskriptif kualitatip digunakake gawe ngonceki kajian kang duweni sipat kapustakan. Kanthi panliten kualitatif deskriptif diajab panliten iki bisa menehi gambaran kang cetha ngenani piwulang ana ing kitab *Alala* gubahan *Ta'lim Muta'allim*. Metode kualitatif iki ana gandengcenenge karo aspek kualitas, nilai lan makna sing ana sajrone kadadeyan kasunyatan. Sumber dhata kang arep dikaji lan ditliti sajrone panliten iki arupa kitab *Alala* gubahan kitab *Ta'lim Muta'allim*. Babagan iki dirasa bisa narik kawigaten kanggo ditliti kanthi kajian psikologi sasta amarga ana ing panliten iki bakal kaandharake ngenani solah bawa singa kudu ana sajrone pasinaon

Studi kang bakal digunakake sajrone panliten iki yaiku gunakake studi filologi modern. Miturut Subandiyah (2010 : 47) sajrone Sesotyaningsih, filologi modern yaiku telaah naskah kang ditintingi adhedasar kaweruh sastra. Mula saka kuwi kanggo mahami piwulang becik ngangsu kaweruh sajrone kitab *Alala* bakal ditintingi nggunakake metiode hermeneutika. Metode hermeneutika dianggep paling trep kanggo ngonceki naskah kang butuhake

panapsiran. Kanthi gunakake metode hermeneutika diajab bisa mangerten iku makna lan isi kang kanandhut sajrone kitab *Alala*.

Teknik ngumpulake dhata kaperang dadi telu yaiku (1) teknik pustaka, (2) teknik waca, (3) teknik tulis. Teknik pustaka dilakukan kanthi cara golek refrensi kang nyengkuyung topik kasebut. Teknik waca dilakukan kathi cara maca sekabehane sumber data. Ana ing panliten iki gunakake teknik tulis amarga jlentrehake saperangan bab saka kitab *Alala* gubahan *Ta'lim Muta'allim*, Teknik tulis dilakukan kanthi cara nyatet lan niteni bab-bab kang wigati sajrone kitab kasebut banjur nganalisis dhata lan dadekake dhata ing panliten (Firdaus, 2022).

ASIL LAN ANDHARAN

Laras karo apa kang wis dirumusake lan dioncek iku kanthi cara nyritakake uga ngasilake tema-tema psikologi ana ing bet-bet sajrone kitab *Alala* gubahan *Ta'lim Muta'allim*. Bet siji lan loro duweni panemu tema psikologi arupa wasis utawa cerdas dijelasne ana ing panulisan arab “*dzukain*” lan panulisan arap pegon sing unine “lipat”. Asil kaya mengkunu nuduhake kasanggupan pujangga sajrone nangkep informasi utawa pasinaon. Tema kaping pindo yaiku “*hirshin*” kang duweni uni panulisan pegon “*lobo*”. Basa “*hirshin*” dijupuk saka tembung “*harasha, yahrishu, hirshan*” kang duweni makna tamak utawa seraka. Tema kaping telu yaiku “*isthibar*” kang duweni uni panulisan pegon “*sabar*”. Miturut agama islam perangane sabar ana telu bagiyan yaiku sabar nglakokake printah, sabar ngadahi maksiat lan sabar ngadepi musibah. Tema nomer papat yaiku “*bulghotun*” kang duweni uni pegon “*ana sanguine*” kang duweni teges deweni modhal gawe ngangsu kaweruh isa uga perkara fisik, mental lan matrial. Tema nomer lima yaiku “*irsyadi ustaz*” kang duweni uni pegon “*piduhe guru*” ateges psinaon kang sampurna yaiku pasinaon kang dilakukan antarane guru lan murid. Tema kaping pungkasan yaiku “*tuli Az-zaman*” kang duweni uni pegon “*suwe mangsane*” ateges ngangsu kaweruh kudu duweni tingkatan supaya bisa tetep eling lan manfaat.

Asil saka panliten iki kabagi saka telung perang yaiku (1) Wujud lan isi sajrone kitab *Alala* gubahan *Ta'lim Muta'allim* (2) sarat sarengat ngangsu kaweruh sajrone kitab *Alala* gubahan *Ta'lim Muta'allim*. Kang bakal kaandharake kaya ing ngisor iki.

1. Wujud lan Isi sajrone kitab *Alala* gubahan *Ta'lim Mut'allim*

a. Wujud kitab *Alala*

Serat *Alala* minangka gubahan saka kitab *Ta'lim Muta'allim* kang diripta dening *santri* Lirboyo. Kitab *Alala* kasusun saka bet perbet kalebu gubahan amarga kasusun saka ringkesan kitab *Ta'lim Muta'allim* ancas kanggo gampangake, ringkes pangertene lan gampang dieling-eling sajrone pasinaon. Kitab *Alala* kasusun saka sajilit lan duweni 8 kaca, sing jumlah 37 bet, wujud pet-perbet biasane ana ing sastra Jawa diarani singir. Tembung singir minangka

tranformasi basa ana ing kalangan masyarakat jawa amarga kangelan ngucapake tembung syiir. Singir duweni teges prasangka kang nyadarake, amarga kalebu sastra jawa, singir duweni unsur kaendahan uga duweni irama sajrone bet-bete.

Wujud singir ana ing kitab *Alala* ora kaya syingir biasane, kitab *Alala* duweni panulisan selang-seling saben bête, antarane basa arab kang gawe aksara hijaiyah lan basa jawa kang gawe aksara arab pegon kang kalebu sastra pesisiran. Aksara pegon minangka akulturasi budhaya islam lan masyarakat Jawa, khususe ana ing jawa pesisiran. Aksara pegon duweni bleger Arab lan diwacan Jawa utawa Sunda, bab iki duweni ancas gampangake pangembakan piwulang agama islam ing tlatah Jawa.

b. Isi kitab Alala

Kitab *Alala* minangka salah sijining kitab kang ora mung ngomongke bab metode pasinaon blaka, nanging uga ngrembug babagan ancas pasinaon, prinsip pasinaon, strategi pasinaon lan sapiturute kang duweni sesambungan ana ing nilai moral religius supaya dadikake manungsa duweni karakter sing apik. Susunan singir *Alala* diwiwiti nadhom sing duweni tema pepiling marang para pangangsuah kaweruh ngenani syarat-syarat kang kudu dilakokake sajrone ngangsuah kaweruh.

kelompokan tema ana ing kitab *Alala* kasusun saka padhane pesen sing ngemu sajrone bet ora diperang adhedasar urutane bet. Bet 1 lan 2 ngemu syarat-syarat ngangsuah kaweruh sing ana nem: lipat luba, sabar, modhal, piwulange guru, suwene mangsa. Bet 3, 4, 20, 27, 28, 29 lan 30 ngrembag piwulang supaya bisa milah lan milih kanca sajrone pergaulan, kirane yen ana kanca ala lakune kudu ngedohi, semunu uga yen ana kanca bagus kudu dikancani supaya merkoleh piwulange kanca. Bet 5, 17, 18, lan 33 njelasake kautaman ilmu lan wongkang duweni ilmu. Bet 6 njelasake metode ngangsuah kaweruh. Bet 7, 8, 9, 10 lan 11 ngrembag babagan kautaman ilmu fiqh lan prahara wongkan ngibadah tanpa ilmu fiqh. Bet 12, 13, lan 19 ngemu motivasi sinau kanthi tekun. Wong yen keingin gayuh apa sing dikarepake kudu duweni usaha sing kuat. Bet 14, 15 lan 16 ngewehi nasihat marang pangangsuah kaweruh spaya bisa jaga lisane. Nadhom 2, 22, 23 lan 24 ngemu kalungguhan guru marang pangangsuah kaweruh. Guru duweni kalungguhan ngluwih saka kalungguhan wong tua amarga guru iku wong kang ngramut ruh, uga wong tua loro iku kalungguhane wongkan ngramut jasad. Bet 25, 26 lan 31 jlentrekake perkara ngontrol napsu, husnuzhon lan pangapuruan marang sasama. Bet 32 ngemu piwulang ngregani wektu, pangangsuah kaweruh kudu bisa ngregani wektu. Bet 34, 35, 36 lan 37 ngemu piwulang kautaman ngangsu kaweruh kanthi adoh saka omah.

2. Sarat sarengat ngangsuuh kaweruh sajrone kitab *Alala* gubahan *Ta'lim Muta'allim*

Ana ing bab iki bakal dijelasake ngenani syarat sarengat anggene ngangsuuh kaweruh ana ing kitab *Alala* gubahan saka kitab *Ta'lim Muta'allim* reriptan *mutakhorrijin* PP. Lirboyo. Jawab rumusan masalah ngenani lipat luba, sabar, sangu, piwulang guru, lan suwe mangsa.

1. Lipat/ Wasis

Wasis ana ing kitab *Alala* duweni teges cepet anggone nampa kaweruh, wasis duweni sesambungan karo akal amarga kang duweni fungsi ana ing bab iki yaiku akal. Patokane wasis ora amung ing kaweruh anangin bisa ngolah informasi dadi teori anyar. Wasis uga bisa cepet mahami lan ngapalake apa kang ditampa, ana bab iki ngasilake teges menawa wasis duweni gandeng rumaket antarane perangan perkara, kayata nyiptakake perkara sing anyar, mulang perkara kasebut, mecahake masalah, mahami, ngeling-eling perkara, lan ngrampungake pakaryan kang angel.

Wasis uga duweni teges sugih kaweruh bab iki nuduhake pangangsuuh kaweruh kudu bisa mahami pasinaon kang disuguhake kanthi bener. Cerdas minangka kasaguhan pawongan gawe merkoleh kaweruh lan nglakokake nalar kanthi abstrak. Pangaangsuh kaweruh kudu terus nglatih nalare, amarga cengkorongan pamikiran kudu ditata kanthi becik. Wasis duweni sambung raket karo IQ kang duwen fungsi gawe ngukur kawasiswaan, miturut Busthomy lan Muhib sajrone (Boere, 2013:264). Kawasiswaan bisa diseegkuyung faktor genetic lan proses pangrembakane pangangsuuh kawruh kasebut. Mula, proses pangrembakan lan masa prenatal anak bisa dadikake kawasiswaan anak. Kawasiswaan sing bener-bener wasis uga bisa disengkuyung kanthi gregete pangangsuuh kaweruh anggene nampa pelajaran sing disampeka. Wasis sing dikarepake ana ing kitab *Alala* gubahan *Ta'lim mutaalim* yaiku sing duweni kasaguhan nangkep ilmu, ora kudu duweni IQ sing duwur, katrangake dening Busthomy lan Muhib sajrone (An 'im, 2015:8).

2. Luba/ Duweni Greget

Duweni greget ana ing kitab *Alal* gubahan *Ta'lim Muta'alim* yaiku tenanan anggene sinau kanthi bukti tekun, ngangsuuh kaweruh tanpa ora tenanan lan duweni greget ora bakal ngasilake apa sing disinaoni, merga ngangsuuh kaweruh ora gur batalake kewajiban saben manungsa khususe agawaa islam, nanging kudu duweni kekarepan sing kuat supay bisa gayuh apa kang dikarepake. Greget minangka sikap sajrone pasinaon sing duweni titikan anane percaya maraang dhiri pribadhi, motivasi dhiri sing kuat kanggo gayuh apa kang dikarepake, nglakoni kanthi nikmat uga bisa marai dheweke seneng. Greget minangka roh anggene ngangsuuh kaweruh kang jiwani sajrone proses pasinao kasebut. Greget bisa lahir saka awake dhewe uga bisa tuwuuh saka jaba. Ana ing disiplin ilmu psikologi, panyengkuyung kang lair

saka awake dhewe diarani motivasi. Motivasi yaiku perkara kang nguripake, ngarahake lan nggatekake solah bawa, Busthomy lan Muhid sajrone (Ormod.J, 2008:56). Anata greget saka jaba bisa disedapake lingkungan kayata seengkuyungan wong tuwa, gembulane.

Nglawan sipat males minangka salah sijine cara gawe gayuh cita-cita. Masia ngalawan sipat males ora gampang kaya malikake tangan nanging pangangsu kaweruh kudu semangat supaya bisa ngolehake apa kang dikarepake. duweni greget bisa awujud budhal pas ana ing wektune, niat anggone nyinaoni.

3. Sabar

Sabar ana ing basa Indonesia minangka tembung adaptasi saka basa Arab, mligine basa Al Qur'an. Nanging ing sabendina sabar nuduhake konotasi sing kurang mrannani, ana ing sabendinane tembung sabar duweni arti negatip kayata kacingkrangan, lara, tiba lan sapanunggalane (El Hafiz, S:2015). Laras karo apa kang diandharake ana ing duwur, sabar ora amung kahanan kang ora ngepenakake uga ing kahanan kang ngepenakake kayata sabar ngendalekake kasarasan, sugeh dunya lan sapanunggalane. Minurut Sari, D. M. P. (2018: 134) sabar minangka salah sijining cara kanthi ngadhepi masalah, sabar uga bisa diartikake ngumpulake kabeh kekuwatan kangg ngrampungake perkara kang nyebapake nglangut kang dirasakake.

Sabar sing dikarepake ana ing kitab *Alala* gubahan *Ta'lim Muta'allim* yaiku nunjukake sikap ngadepi pira-pira pekewuh sing ana sajrone ngangsu kaweruh, amerga ngangsu kaweruh ora uwal saka pekewuh. Sabar kaperang dadi telu yaiku sabar ngadahi maksiat, sabar nglaksanakake perintah, lan sabar ngadepi pekewuh. Sabar ngadahi maksiat kang dimaksud yaiku ngadahi larangan kang wis kinaris, kayata mendhem, main, medok dene sabar nglaksanakake perintah yaiku jumenengake sekabehe perintah agama kang wis diwulang kanthi iklas lan legawa, sabar kang pungkasan yaiku sabar ngadepi pekiwuhan kang duweni tges ngadepi kanthi ikhlas apa sing ngalangi anggene ngangsu kaweruh. Kang dimaksud ana ing bab iki yaiku sabar nglaksanakake perintah amarga nuntut ilmu kuwi duweni hukum *fardhu 'ain* saben wong kang islam, kaya dene sing wis diandharake ana ing hadist kang diriwayatake dening Ibnu Majah yaiku "*Thalabul 'ilmi faridhatun 'ala kulli muslim*" kang duweni arti "ngangsu kaweruh duweni hukum wajib tumrap wong islam lanang lan wadon". Uga kalebu sabar ngadepi pira-pira pekewuh wong kang ngangsu kaweruh.

4. Duweni Sangu

Sangu minangka salah sijine syarat ngangsu kaweruh, sangu dewe duweni pangerten kaperluan kang kudu ana sajrone pasinaon tanpa anane sangu pasinaon ora bisa lumaku. Laras karo apa kang diandarake Robany. K. (2016), ngandsharake menawa sajrone pasinaon kang

ora duweni sangu ora bakalan lumaku. Biaya ana ing pandhidikan duweni teges jinising biyaya kang duweni sesambungan karo proses pasinaon.

Duweni sangu ana ing kitab *Alala* gubahan *Ta'lim Muta'allim* yaiku duweni telu perangan arupa sangu fisik, psikis lan harta. Duweni sangu minangka salah sujine syarat kang kudu anaa sajroe pasinaon, mula yen salah sijine ora ana sajrone pasinaon kasebut dianggep kurang pas lan bisa dadikake ora sampurnane ilmu. Sangu fisik ana ing katrangan kitab *Alala* yaiku upaya kang kang nyengkuyung sing duweni sipat fisik sajrone proses pasinaon kayata kasarasan sing adhedasar jaga kasarasan, kayata bagas kasarasan sehingga bisa nampa ilmu kanthi bener. Modhal psikis uga duweni teges aspek-aspek kang nyengkuyung sajrone poses pasinaon, kayata medhia pasinaon, cara piwulangan lsp. Modhal kang pungkasan yaiku piranti anggene ngangsuah kaweruh, pirantri sajrone ngangsuah kaweruh duweni rupa buku, petelot, pulpen.

5. *Piwulange Guru*

Guru minangka jabatan, profesi lan pengabdian kang butuhake sawijining keahlian kang khusus, pamaragan guru ora bisa dilakokake dening sembarang wong tanpa duweni keahlian minangka guru, miturut Heriyansyah sajrone N.A. Ametabun (1994:33), guru yaiku pujangga kang duweni tanggung jawab dening murid-muride, ing perkara individu uga klas, sajroning sekolah utawa ing jaba sekolah. Bab iku kang dadekake pentinge guru sajrone pasinaon. Saliyane guru minangka wong kang ngajar guru uga disebut wong sing ngramut roh kita, mula saka kuwi kabeh disiplin ilmu kudu duweni guru.

Bimbangane guru dadi bukti kuat lan benere kajian ilmu. Tanpa bimbangane guru, bener orane ilmu isih diragokake amarga sinau dhewe isa uga bisa dadi kliru ilmu. Babagan iki kang dadi salah sijine kekuatan guru anggene ngangsuah kawehu. Ilmu kang bisa ditanggunggung jawabake yaiku ilmu kang duweni sumber kang jelas kang bisa diyakini lan dipercaya. Miturut Yestiani, D. K., & Zahwa, N. (2020) guru minangka pandhidik, tokoh, lan panutan marang para siswa ana ing sekelilinge. Gandheng cenenge guru kudu duweni kuwalitas ana ing bidang kajian ksebut. minangga guru kudu duweni rasa tanggung jawab, mandiri, wibawa lan disiplin minangka tuladha marang para siswa. Ing unen-unen jawa gambarake guru yaiku digugu lan ditiru, digugu andharane merga duweni isi sing ora diragokake lan ditiru solah bawane amaarga solah bawane guru minangka praktek ilmu sing diduweni.

6. *Suwe Mangsa*

Wong sing ngangsuah kaweruh butuhake wektu sing suwe. Suwe kang dikarepake ana katrangan iki ora kok tanpa target mula dadi suwe, nanging wong kang ngangsuah kaweruh kudu tansah nyinaoni apa sing diolehan masia wis ngerti. Nyinaoni maneh apa kang wis diolehan

bisa dadekake ilmune ora gampang lali. Konsep kang dilakokake yaiku ngatur wektu kanthi cara becik minangka pangrembakane saka proses ngangsuhan kaweruh, amarga suwe mangsa iku duweni sambung raket karo wektu. Bab iki wis digambarake anan ing Al Qur'an kang ngajarake bab ngregani wektu kanthi tembung "demi mangsa" kang diterangake ana ing surat Al- Ashr, sing gambarake sapira wigatine wektu lan ngatur wektu.

Kang dikarepake ana ing kitab *Alala* gubahan *Ta'lim Muta'allim* yaiku mbutuhake wektu sing suwe sahenngga ngasilake ilmu gandheng akeh disiplin ilmu kang kudu disinaoni. Skala prioritas ana uga kudu digatekake merga ana ilmu kang asipat wajib disinaoni lan ana sing duweni hukum oleh amarga ilmu iku duweni cengkorongan karo ilmu-ilmu liyane, kayadene nyinaoni serat kudu duweni ilmu basa utawa sastra Jawa. Miturut Robany, K. (2016) pasinaon yaiku proses goleki apa kang urung dimangerten kang bisa ditampa dening indra lan saguh nglakokake apa kang wis dimangerten. Pasinaon ora bakal mandek amarga akeh perkara kang urung dimangerten uga bakal ngrembaka, mula saka kuwi pasinaon mbutuhake wektu sing suwe. Sajrone pasinaon ora ngenal umur, strata social, lan sempurnane awak.

DUDUTAN

Dudutan iki mujudake bab apa wae kang wis diasilake saka dhata-dhata panliten kang asale saka dhata ana ing kapustakan. Wigatine dudutan iki dumadi saka asile panliten kang wis katindakake. Dhata kang wus dianalisis banjur diwedhar ing bab sadurunge bisa didadekake dudutan kang slaras klawan analisis kang diandharake piwulang becik ngangsu kaweruh sajrone kitab *Alala* gubahan *Ta'lim Muta'allim* kasebut, sabanjure bakal diandharake kaya mangkene.

Saka underan ing duwur bisa didudut yen kitab *Alala* minangka gubahan saka kitab *Ta'lim Muta'alim* kang awujud sigir kalebu sastra Jawa pertengahan miturut periodesasine uga kalebu sastra pesisiran miturut geografine. Singir ana ing kitab *Alala* minangka wujud gubahan saka kitab *Ta'lim Muta'allim* dening santi Lirboyo. Wujud singir duweni guna supaya gampangake wong kang moco lan cara macane ditembangake supaya gampang dieling-eling. Kitab iki ngrembak babagan wong kang ngangsu kaweruh, sal sijine kang wis dijelasake ana ing duwur yaiku syarat-syarat wong kang ngangsu kaweruh kanthi pangaajab supaya bisa merkoleh ilmu kang manfaat lan duweni barokah.

PAMRAYOGA

Tumindhak nganalisis gubah kitab sing asale saka manca iku mujudake panliten kang ora gampang, amarga butuhake akeh banget reverensi lan maneka werna pamawas. Mula panliti kudu ngati-ngati anggone nliti lan mawas bab kasebut. Panliten iki isih adoh saka tembung kasampurnan, amarga isih akeh bab sajrone kitab durung bisa kaandharake kanthi teliti. Senajan mengkono, panliten iki kaajab supaya bisa nambahi kasusastran Jawa mligine bab sastra Jawa pertengahan.

Saliyane iku, para pamaos uga diajab bisa paring pamikiran anyar marang kasusastran Jawa, mligine sastra Jawa pertengahan. Jalaran sajrone kitab ana ing sastra Jawa pertengahan ngemu pira-pira piwulang becik khususe piwulang agama, piwulang kasebut bisa gawe sangu urip ing bebrayan. Nliti karya sastra Jawa minangka wujud nguri-uri budhaya kang kalebu unsur piwulang.

Atur Panuwun

Alhamdulillah, Puji syukur panliti aturaken dhumateng Gusti Allah SWT lan kanjeng Nabi Muhammad amargi saking rahmad lan syafaatipun panliti saged ngrampungaken artikel menika kanthi rampung. Panliti aturaken panuwun kagem sedaya keluwarga mliginipun ibu lan bapa kang sampun maringi weweh mbiyantu lan payengkuyung utaminipun arupi semangat, donga, ugi tenaga. Panliti ugi ngaturaken gunging panuwun kagem bapa saha ibu

dhosen ingkang sampun maringi piwulangan, kawruh ugi pengalaman kang manfaat. Mliginipun kagem bapa Drs. Bambang Purnomo, MS. minangka dhosen pembimbing artikel ingkang sampun paring kathah sanget kawruh anggenipun panliti ngrampungaken artikel menika mboten katalumpen dumateng bapa Surana, S.S. M. Hum. Minangka kaprodi lan kajur ingkang paring restu dating panliten artikel menika. Artikel menika ugi taksih kathah kalepatan lan kekiranganipun, sahengga panliti wonten ngriki taksih betahaken sanget kritikan ugi saran supados artikel menika saged langkung sae. Panliti ugi nggadhahi pangarep-arep saking panliten menika utaminipun saged migunani tumrap kasusastran Jawa mligine sastra jawa pertengahan arupa singir menika.

DAFTAR PUSTAKA

- Busthomy, A., & Muhid, A. (2020). METHOD OF LEARNING PERSPECTIVE OF ALALA TANALUL'ILMA BY IMAM AL-ZARNUJI. *Ta'dib: Jurnal Pendidikan Islam*, 9(1), 146-163.
- El Hafiz, S., Mundzir, I., Rozi, F., & Pratiwi, L. (2015). Pergeseran makna sabar dalam bahasa indonesia. *Jurnal Ilmiah Penelitian Psikologi: Kajian Empiris & Non-Empiris*, 1(1).
- Firdaus, M. Z. *Moralitas Sajrone Cerbung Nggayuh Lintang Anggitane Tiyasti* (Doctoral dissertation, State University of Surabaya).
- Hidayani, F. (2020). Paleografi Aksara Pegon. *Jurnal Tamaddun: Jurnal Sejarah dan Kebudayaan Islam*, 8(2).
- Kamal, M. A. M. (2016). Interelasi Nilai Jawa dan Islam dalam Berbagai Aspek Kehidupan. *Kalam*, 10(1), 19-42.
- KARUNIA WATI, A. N. A. (2014). *UPAYA MENUMBUHKAN SIKAP ULET DALAM BERWIRAUSAHA MELALUI LAYANAN ORIENTASI BERBANTUAN MEDIA AUDIO VISUAL PADA SISWA KELAS X PM SMK PGRI 1 KUDUS* (Doctoral dissertation, Universitas Muria Kudus).
- Purnomo, E. (2018). *Analisis semiotik pesan dakwah dalam syi'ir Padang Bulan karya Habib Muhammad Luthfi bin Ali bin Yahya* (Doctoral dissertation, UIN Sunan Ampel Surabaya).
- Purnomo, E. (2018). *Analisis semiotik pesan dakwah dalam syi'ir Padang Bulan karya Habib Muhammad Luthfi bin Ali bin Yahya* (Doctoral dissertation, UIN Sunan Ampel Surabaya).
- Rahmawati, S. (2015). Ajaran Islam dalam Naskah-Naskah Singir Koleksi Fsui Sebagai Bentuk Persinggungan Budaya Islam-Jawa: Kajian Intertekstualitas. *Buletin Al-Turas*, 21(2), 243-254.
- Sari, D. M. P., Lestari, C. Y. D., Putra, E. C., & Nashori, F. (2018). Kualitas hidup lansia ditinjau dari sabar dan dukungan sosial. *Jurnal Ilmiah Psikologi Terapan*, 6(2), 131-141.
- Setiabudi, A., Hardian, R., & Muzakir, A. (2012). Karakterisasi Material. *Rifan Hardian*. Sosotyaningsih, E. *Piwulang Agama Sajrone Naskah Darah Murtasiyah (Tintingan Filologi)* (Doctoral dissertation, State University of Surabaya).
- Sutoyo, D. (2016). Allah Memanggil Umat-Nya Untuk Menjadi Gereja Yang Tekun Berdoa Menurut Kisah Para Rasul 4: 23–31. *DUNAMIS: Jurnal Teologi dan Pendidikan Kristiani*, 1(1), 52-73.
- Yestiani, D. K., & Zahwa, N. (2020). Peran Guru Dalam Pembelajaran Pada Siswa Sekolah Dasar. *FONDATIA*, 4(1), 41-47.
- Yuliani, W. (2018). Metode penelitian deskriptif kualitatif dalam perspektif bimbingan dan konseling. *Quanta*, 2(2), 83-91.